CENTRAL ASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH IF=8.8
Volume 4, Issue 05, Part 5 May 2026




# QARAQALPAQ XALQÍNÍŃ MILLIY ATQARÍWSHÍLÍQ TÚRLER

**Otepbergenova Guzzal Omirbaevna**
– filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD)
**Jarılqaǵanov Abdisayd**
Ózbekistan Mámleketlik kórkem-óner mádeniyat institutı
Nókis filialı 2-kurs magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.20556130

## ARTICLE INFO

Qabul qilindi: 26-may 2026 yil
Ma'qullandi: 28-may 2026 yil
Nashr qilindi: 30-may 2026 yil

## KEYWORDS

*Jıraw, baqsı, teatr, qaraqalpaq muzıka óneri, dástanlar, toy dástúrleri, nama alıspaq dástúri.*

## ABSTRACT

*Bul maqalada qaraqalpaq baqsıshılıq óneriniń jırawshılıq ónerinen ayırmashılıǵı haqqında sóz keltirgen hám bul maqalada kóplegen jıraw hám baqsılardıń atqarıwshılıq jolları sóz etiledi. Baqsıshılıq – qaraqalpaq xalqınıń jırawshılıq ónerinen keyin payda bolǵanlıǵı, biraq xalıq arasında jırawshılıqqa qaraǵanda keńirek tarqalǵan jáne súyip tıńlanatuǵın milliy kórkem – óner túri bolıp esaplanadı.*

Xalqımız mádeniyatınıń ómirlik sarqıraması bolǵan baqsıshılıq kórkem-ónerin ele de rawajlandırıw,onıń milliy mádeniyatımız hám kórkem-ónerimizdegi ornı hám áhimyetin arttırıw,jas áwladtı milliy ózlikti ańlap jetiw,Watanǵa sadıqlıq,tarıyxıy miyraslarǵa húrmet ruwxında tárbiyalaw máqset etip belgilengen.[1.1]

Áyne waqıtta házirgi globallasıw dáwirinde, kommerciyalıq qurallarǵa aylanǵan ‘‘ǵalabalıq mádeniyat’’, shou-biznestiń unamsız tásiri barǵan sayın kúsheyip baratırǵan bir waqıtta folklor kórkem-ónerine itibar hám qızıǵıwshılıq tómenlep baratırǵanlıǵı,kóp jerlerde umıtılıp qorǵawǵa mútáj bolıp turǵanlıǵı baqlanbaqta.

Baqsıshılıq – qaraqalpaq xalqınıń jırawshılıq ónerinen keyin payda bolǵan,biraq xalıq arasında jırawshılıqqa qaraǵanda keńirek tarqalǵan jáne súyip tıńlanatuǵın milliy kórkem – óner túri bolıp esaplanadı. Baqsılar degende - qolına alamoynaq duwtar alıp ashıqlıq dástanlar,aqıl-násiyat qosıqlar,hám ıshqı-muxabbat temasındaǵı qosıqlardı atqarıwshı kórkem-óner wákilleri túsiniledi. Baqsılar duwtar ásbabında túrli namalar shertiw menen birgelikte qosıqlar da aytadı al qosıq aytpay tek nama shertiwshilerdi sazende deydi.Sazendeler qosıq aytpaǵanı menen saz shertiwde baqsılardan anaqurlım joqarı turatuǵın, shertip atırǵan sazınıń ırǵaqlarına,dinamikalıq belgilerine,tıńlawshıǵa jetip barıwı kerek bolǵan mánistiń saz arqalı jetkeriliwine ayrıqsha itibar qaratatuǵın sheber atqarıwshılar bolıp esaplanadı.[2.b.67-70]

Baqsılardıń jırawlardan ayırmashılıqlarına toqtalıp ótetuǵın bolsaq, bunı birqansha mısallarda kóriw múmkin;

Jırawlar qobız ásbabında namalar shertedi,qosıqların jırlı dawısta yaǵnıy,tamaǵın qırıp ádettegi dawısınan parıqlı buwıqlaw dawıs penen atqaradı hám bul dawıs jır dep ataladı.Jıraw atamasınıń kelip shıǵıwı da usıǵan baylanıslı.Bul tárizde atqarıw awır bolǵanlıǵı ushın dawıs

diapazonları qısqalaw boladı,qosıqlarında da joqarı notalar gezlesebermeydi. Sol sebepli jırawlardıń atqaratuǵın namaları muńlı,qayǵılı bolıp esitiledi.

Operalı teatrlarda spektakldiń tásir kúshin arttırıw ushın tómen dawıslardan yaǵnıy bas,bas profundo dawıslardan sheberlik penen paydalanadı. Bul bolsa tamashagóylerge biraz qorqınısh,muń-qayǵı sezimlerin beredi. Demek jırawlar sol dáwirde-aq adamlardıń itibarın ózlerine qaratıwdı,olarǵa hár qıylı sezimlerdi jetkerip beriwdiń hárqıylı jolların bilgen degen pikirge keliw múmkin.Jırawlar tiykarınan qaharmanlıq dástanlardı,er jigitlerdi maqtawshı,olardı batırlıqqa,watandı súyiwge,ata-ananı húrmetlewge shaqırıwshı dástanlardı atqaradı.Olarǵa mısal etip‘‘Alpamıs’’, ‘‘Edige’’, ‘‘Qoblan’’, ‘‘Qırıqqız’’ jánede Abbaz Dabılovtıń ‘‘Bahadir’’ dástanların mısal etsek boladı. [3.b.90]

Baqsılar bolsa alamoynaq duwtarda saz shertip qosıqlar aytadı.Olar jırawlardan parıqlı ashıq dawısta yoshlanıp,joqarı perdelerden qosıq aytıp xalıqtıń kewlin xoshlaytuǵın bolǵan.Olardıń sińgırǵan dawısına xalıq tań qalısqan.Jas úlkenler yamasa ustazlar pátiya berer gezinde ‘‘lapızıń bálent bolsın’’ deytuǵınınıń sebebi de usınnan.Ásirese qaraqalpaq xalqınıń toyları baqsı-jırawlarsız ótpeytuǵın bolǵan. Biraq keyin ala jırawlarǵa qaraǵanda baqsılardıń ornı artıp barǵan.Jırawlardı kóbirek jas úlkenler ǵarrılar tıńlaytuǵın bolǵan. Awıllarda toy bolǵan waqıtta kún batqannan keyin ot jaǵıp xalıqtı jıynap qur shólkemlestiriw úrdis bolǵan.Baqsılar keshki waqıt qur dógereginde qosıqlar dástanlar aytip jıynalǵan xalıqtıń kewlin xoshlaǵan.Qur baslanarda baqsılar aqıl-násiyat qosıqlardan baslaǵan. Bunıń tiykarǵı sebebi adamlar tolıq jiynalıp toy keypiyatın sińdiriw bolǵan.

Keyin ala orta qızıp nama alıspaq dástúri baslanǵan.Bunda toyǵa kelgen miymanlar birinshi namanı yaǵnıy bas namanı alıwǵa júdá talasqan. Birewler bas namaǵa shapan sarpay jawsa birewler bir eshki berip bas namanı alatuǵın bolǵan.Sol gezlerde bas namanı alıw úlken abıroy bolıp esaplanǵan.Ayırım waqıtları bas namaǵa talasıp uris-jánjellerde kelip shıqqan.Sol tárizde keyingi namalar da aytılıp otırǵan.Miymanlar bir-biriniń ústinen házillesip basqılasıw ushın nama alıp ta baqsını ayttırǵan.

Baqsı sóz sheberliginen paydalanıp sol aytılǵan adamnıń kemis qılıqların ersi tárеplerin sóz qurap qosıq qılıp aytıp jibergen.Ásirese dayı-jiyenler, boleler, jezdeler arasında basqılasıp nama alıw toyǵa ayrıqsha sán hám kewilli kúlki inám etken. Al basqılanǵan qonaq bolsa oǵan ılayıqlı juwap qaytarıwı juwap bere almasa házildi kóterip otırıwı tiyis bolǵan.ayırım waqıtları qonaqlardıń ókpelep qurdan ketip qalǵan jaǵdayları da ushırasqan.Biraq bunday ókpe-giyneler tez umıtılıp jáne aldıńǵıday basqılasıp júrebergen.Xalqımızdıń bul nama alıspaq dástúri házirgi toylarda da saqlanıp qalǵan bolıp nama alıp atın shıǵartıw sol topardıń yamasa adamnıń abıroyın kóterip toy berip atırǵan insan menen jaqsı qarım-qatnasta ekenligin hám toydı qızdırıp atırǵanlıǵın bildiretuǵın dástúr kórinisinde kelmekte.Namalar aytılıp adamlar biraz kewil kóterip alǵannan soń awıl biyiniń hám jas úlken aqsaqallardıń usınısı menen baqsını dástanǵa salatuǵın bolǵan.Baqsılar 2-3 dástandı yaddan bilip sheber atqarmaǵansha baqsı dep aytılmaǵan.Olar ‘‘Ǵárip-Ashıq’’, ‘‘Sayatxan-Hámra’’, ‘‘Yusup-Zlixa’’, ‘‘Góroǵlı’’ sıyaqlı xalqımız súyip tıńlaytuǵın ashıqlıq dástanlardı atqarǵan.[4.b.143]

Baqsılardıń shertetuǵın ásbabı duwtar.Xalıq oǵan ‘‘alamoynaq’’ dep laqap bergen. Ayırım boljawlar hám awızeki dereklerge qaraǵanda qaraqalpaq xalqınıń alamoynaq duwtarı XV-XVII ásirlerde xalıq arasında tarqalıp baslaǵan delinedi.Sol dáwirdegi Genjali ustanıń ákesi tárepinen duwtardıń eń dáslepki úlgileri soǵılǵan hám haywan súyekleri menen naǵıslanǵan.Keyin Genjali usta ákesiniń jolın dawamlap ózi soqqan duwtarlarǵa haywan

súyeklerinen nağıs salıp bezegen. Sol dáwirdegi basqa ustalar da súyeklerden nağıs salıw usılın ózlestirip alğan. XV ásirdiń aqırı XVI ásirdiń baslarında qaraqalpaqlar arasında alamoynaq duwtar júdá keń tarqalğan ásbap túri esaplanadı.Sol dáwirlerde duwtar eki túrli etip soğılğan.Birinshisi perdeli, ekinshi perdesiz bolıp, xalıq eki túrli duwtardan da paydalanıp kelgen. [4.b.83]

Genjali usta ózi jasağan dáwirde basqa millettiń ustaları arasında saz ásbapların soğıw boyınsha eń jetik eń sheber usta dep alınğan.Hátteki Jiyen Jıraw babamız da óz qobızın soqtırıwdı Genjali ustağa tapsırğan desedi.

Duwtar tut, erik hám jiyde sıyaqlı qattı ağashlardan jasaladı.Dáste, shanaq hám qaqpaq dep atalğan tiykarğı bólimlerden turadı.Duwtar soğıwğa arnalğan ağash saya jerde turaqlı temperatura jağdayı saqlanğan orında 3-5 jıl dawamında keptirip qurğaq halına keltiriledi.Onıń shanağı ekı usılda oyma hám qurama usıllarında jasaladı.Soğan qarap duwtar oyma yamasa qurama  duwtar bolıp aytıladı.Oyma duwtarda onıń shanağı pútin bir ağashtan oyıp forma beriw arqalı jasaladı.Onı jasaw kóp waqıt hám qol miyneti talap etedi.Keyin oğan qaqpaq hám dáste jalğanadı.Dástege perdeler hám tardı sazlaw ushın arnawlı eki qulaq salınadı.Oyma duwtar quramağa qarağanda biraz salmaqlı bolıp jasaladı.Oyma duwtardıń sesi júdá sıńğırlı jińishke bolıp shertilip atırğan saz yáki namağa nağız qaraqalpaqsha kolorit beredi.Onı kóbinshe qız baqsılar hám sheber sazendeler paydaladı.

Qurama duwtarda bolsa shanağın birneshe ağash bóleklerin iyirip bir-birine qurastırıp forma beriw arqalı jasaladı.Qurama duwtardıń sesi oymağa qarağanda biraz juwanıraq, gúmbirlenkirep kólemli bolıp esitiledi.Bu duwtardı kóbinese qosıq aytatuğın baqsılar shertedi.Házirgi kúnde neylon materialdan jasalğan sım tar sıpatında duwtarğa tartıladı.Eski dáwirlerde tardı jipekten iyirip tartatuğın bolğan.Ásbap sestiniń jaqsı shığıwı onıń qaqpağına baylanıslı.Qaqpaq qansha juqa jáne bekkem bolsa, jaqsı kepken bolsa duwtardıń dawısı sonsha jaqsı bolıp shığadı.Ayırım duwtarlar soğılıp tayın bolğan waqtında dawısı onsha shıqpaydı.Waqıt ótken sayın kóp shertilip dawısı keyin ala jaqsı bolıp ashılısıp ketedi.Bir ashılısqannan keyin óziniń jaqsı dawısın teginlikte  joytabermeydi.Al ayırım duwtarlar bolsa tayın bolğan waqtında dawısı jaqsı shığıp keyin ala jawılıp qaladı hám burıngı qálpine qaytıwı qıyın boladı. Duwtar soğıwshı ustalardıń aytıwı boyınsha duwtar kiyeli ásbap bolğanlıqtan onıń qanday bolıp shığıwın, keyin dawısı qanday bolıp ózgeriwin anıq ayta almaytuğın eken

**Paydalanılğan ádebiyatlar:**

1.Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 14-maydağı ‘‘Baqsıshılıq kórkem-ónerin jánede rawajlandırıw is-ilajları haqqında’’ ğı PQ-4320-san qararı.
2. Ayımbetov Q.  “ Xalıq danalığı”,Qaraqalpaqstan baspası 1968-jıl
3. Ayımbetov Q.  <<Xalıq danalığı>>, Qaraqalpaqstan baspası Nókis <<Qaraqalpaqstan>> 1988-jıl
4. Moyanov I. <<Baqsı-jıraw tarıyxı>>, Nókis 2021-jıl
5. Erejepov A. “Baqsı hám jırawshılıq tiykarlar”. Nókis 2020-jıl